

EAST EAGLE SUBSTATION

Adrese Enkyetid Kominote a

Deskripsiyon Pwojè a


Soustasyon East Eagle la, yon pati nan Pwojè Estabilite nan Mystic - East Eagle - Chelseay, se yon nouvo soustasyon sou East Eagle Street nan East Boston, Mass. Li pral konekte ak soustasyon ki la deja yo nan Chelsea ak Everett, atravè de, nouvo liy transmision souteren 115-kilovòlt (kV).

Bezwen Pwojè a

Aktyèlman Eversource founi elektrisite bay East Boston apati yon soustasyon nan Chelsea. San konstriksyon Soustasyon East Eagle la disi 2022, demann pou elektrisite ke y ap prevwa a pral depase kapasite Soustasyon Chelsea a pou desèvi rezidan ak biznis yo nan East Boston defason fyab ak an tout sekirite. Soustasyon Chelsea a deja ap sibi kontrent nan kapasite pou l satisfè demann ki egziste deja a.

Demann pou Elektrisite

Byenke demann pou elektrisite nan pifò nan Nouvèl Angletè (New England) pa ogmante oswa te rete konstan, nan zòn East Boston, bezwen pou elektrisite kontinye ap ogmante. Soustasyon Chelsea, ki pou kounye a ap desèvi chaj elektrik nan zòn nan, gen kontrent nan kapasite. Sa vin mete estabilite elektrisite nan zòn nan arisk.



(kontinye)

Revizyon ak Apwobasyon Pwojè a

Pwojè Estabilite nan Mystic - East Eagle - Chelsea (Mystic - East Eagle - Chelsea Reliability Project) resevwa apwobasyon règlemantè etatik nesesè nan men Energy Facilities Siting Board (EFSB) nan dat 1ye desanm 2017.

Apre yon gwooup ki t ap patisiye nan pwosede yo te eksprime enterè yo, EFSB te mande pou Eversource travay avèk Vil Boston an epi pou konsidere deplasman posib pou soustasyon an nan yon seksyon differan sou menm teren vil la posede a. Demann sa a te fè pati apwobasyon EFSB a pou pwojè a. Apresa, Eversource ak Vil Boston an te dakò pou fè yon echanj teren pou pèmèt deplasman sa a. Deplasman soustasyon yo apwouve a se sa ki annatant kounye a ak EFSB a.

Estanda Eversource pou Sekirite Pwojè a

Sekirite se pi gwo priorite pou Eversource. Kòm ak tout pwojè nou yo, nou pral konsevwa, konstwi ak antretni Soustasyon East Eagle la konfòmeman ak pratik prensipal jeni yo e an konfòmite estrik avèk règleman federal, lokal ak etatik yo. Plan konplè nou an garanti sekirite ak byennèt publik la. Nou pran anpil prekosyon pou nou konsidere enpak nan lè a, nan tè a ak nan dlo souteren yo, ak efè chan elektrik ak mayetik (EMF) yo. Nou depase atant pou obstak obligatwa pou sekirite nan ka dife yo. Nou swiv tou plan jesyon pou evakyasyon ak ensidan yo pou yon repons rapid ak efikas parapò ak nenpòt ijans.

Eversource genyen tou yon Plan Entèvansyon pou Tout Danje nan Ka Dijans ki etabli estrikti pou aksyon entèvansyon nan ka dijans nan soustasyon l yo. N ap pran tout aksyon nesesè pou pwoteje sante ak sekirite publik la sizoka ta gen yon ijans.

Anplasman Soustasyon

Soustasyon East Eagle la pa p poze yon risk pou depo estokaj kewozèn nan oswa vise-vèsa. Limit pwopriyete soustasyon an se 450 pye de distans parapò ak depo kewozèn ki pi pre a. Apati yon pèspektiv pwoteksyon ak kontak ak dife, distans sa a depase lontan maj minimòm ki obligatwa yo pou yon tank estokaj kombistib apati limit pwopriyete kote li sitiye a.

Alokasyon Pri Pwojè a

Byenke rezidan East Boston yo pral benefisyé dirèkteman de kapasite elektrik ajoute a avèk konstriksyon Soustasyon East Eagle la, nouvo liy transmisyon an ant Soustasyon Mystic ak Soustasyon Chelsea yo pral sipòte tou stabilite sistèm pisans anvrank la toupatou nan Nouvèl Angletè a. Pwojè yo detèmine ki gen benefis rejyonal yo – tankou Pwojè Estabilite Nan Mystic - East Eagle - Chelsea (Mystic - East Eagle - Chelsea Reliability Project) – se konsomatè elektrisite yo k ap peye pou yo nan tout Nouvèl Angletè. Soustasyon Chelsea a avèk koneksyon l yo ak liy sa yo se konsomatè elektrisite yo ki pral peye pou yo atravè rejyon lès Massachusetts la.

Solisyon Altènatif

Eversource idantifye ak evalye plizyè pwojè altènatif pou rezoud defi pou l satisfè demann elektrik k ap ogmante a pou East Boston, ikonpri pwodiksyon desantralize, efikasite enèjetik, repons pou demann lan, ak estokaj enèji.

Regilatè enèji EFSB yo te revwa an detay rezulta egzaminasyon solisyon altènatif Eversource yo, e yo te dakò ke okenn nan solisyon altènatif pou non-transmisyon yo, kit se poukout yo oswa an konbinezon, te ka satisfè bezwen yo te prevwa a. Rezulta yo montre ke altènativ sa yo t ap pi chè lontan pou kliyan yo emplante nan kantite ki nesesè a pou reponn a bezwen yo pwojte a.


Soustasyon Massport

Eversource PA P konstwi yon soustasyon sou pwopriyete Massport. Massport ap konstwi yon estasyon kliyan posede. Estasyon kliyan se enstalasyon pwopriyete prive ki itilize apareyaj elektrik ke kliyan an achte e ap atretni e yo founi sèvis yo atravè liy ki pa alimante chaj distribisyon East Boston nan.

Rezistans Soustasyon

Pou adrese nenpòt preyokipasyon konsènan enpak potansyèl inondasyon ka genyen sou soustasyon an ak sou zòn ozalantou a, Eversource chwazi yon konsepsyon elevasyon fondasyon pou ekipman soustasyon an ki depase estanda pou elevasyon pou inondasyon an ke Otorite Pòtyè Massachusetts (Massachusetts Port Authority), Ajans Developman ak Planifikasyon nan Boston (Boston Planning and Development Agency), Preparasyon pou Klima nan Boston (Climate Ready Boston), Ajans Federal pou Jesyon nan Ka Dijans (Federal Emergency Management Agency) ak Pwojè Atè Santral Depatman Transpò Massachusetts (Massachusetts Department of Transportation Central Artery Project) rekòmande yo.

Metsouli, sistèm enfiltrasyon ak detansyon dlo lapli a fèt detèlsòt pou l anpeche nenpòt potansyalite pou inondasyon nan katye a epitou Komisyon Dlo ak Egou nan Vil Boston (City of Boston Water and Sewer Commission) lan te apwouve l.



Pou Plis Enfòmasyon

Pou noumenm, li enpòtan pou n kite liy komunikasyon an louvri. Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl bay ProjectInfo@eversource.com, ale sou entènèt la nan Eversource.com, oubyen rele 800-793-2202.



Mas 2020